



Pou Piblikasyon Imedya: 03/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE KONSEYE ESPESYAL POU PWOTEKSYON KONTRIBYAB LA POU DIRIJE ANKÈT SOU FEZABILITE REPRIZ KONTWÒL PIBLIK KONPAYI NEW YORK AMERICAN WATER A NAN LONG ISLAND
Konseye espesyal la ap dirije investigasyon Depatman Sèvis Piblik la sou merit pou fè Antrepriz Itilite Piblik Long Island ki gen difikilte a vin minisipal epi soti rapò a 1ye avril

Gouvènè Andrew M. Cuomo te mande Konseye Espesyal pou Pwoteksyon Kontribyab la, Rory I. Lancman, nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service) nan Eta New York, pou kòmanse epi dirije yon etid fezabilite pou minisipalize pi gwo konpayi dlo prive Long Island lan, New York American Water Company, Inc.

"Pandan twò lontan, 120,000 kliyan New York American Water nan Long Island yo te soufri ak tarif dlo tèt nèg - sa senpleman pa ka kontinye," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York ap lanse imedyatman yon efò pou byen etidye tout opsyon pou diminye depans kliyan yo pou nesosite ki vital sa epi ki se yon dwa debaz, menm yon repriz kontwòl piblik. Nouyòkè yo merite gen aksè nan dlo pwòp, san danje epi ki bon mache, e nou pral pouswiv chak apwoch pou fè sa rive."

Aktyèlman Depatman an ap revize vant New York American Water bay Liberty Utilities Co., yon lòt konpayi prive pou sèvis itilite piblik. Pwosesis Lyberty a te sisite gwo enterè lokal nan opsyon etid pou repriz kontwòl piblik sistèm nan ki posib la. Plizyè minisipalite, ki enkli Sea Cliff ak Massapequa, te soumèt kòmantè ki analize fezabilite pou pran kontwòl kèk pati nan sistèm New York American Water a. Gouvènè Cuomo te enkli yon dispozisyon nan refòm lejislasyon sèvis piblik la ki entwodui nan mwa novanm nan ki egzije piblikasyon yon etid nan dat 1ye avril 2021, sou fezabilite yon repriz kontwòl piblik sou American Water. Dapre enpòtans pwoblèm nan sou pwosesis k ap kontinye a, Gouvènè a te mande Depatman an pou kòmanse etid la imedyatman.

PDG Depatman Sèvis Piblik la John B. Rhodes, te deklare, "Gouvènè Cuomo te gen yon enterè aktif nan chèche solisyon pou pwoblèm presan sa ki se sèvis dlo ki chè pou konsomatè yo. Youn nan pi gwo avantaj konsomatè yo pou yon repriz kontwòl piblik sèke sèvis piblik la t ap egzonere de taks, ki t ap diminye depans yo pou konsomatè yo. Lè nou bese depans sèvis la, sa gen yon enpòtans priyorite pou Depatman an".

Konseye Espesyal pou Pwoteksyon Kontribyab la, Rory I. Lancman, te deklare, "Gouvènè Cuomo p ap kite okenn opsyon sou tab la nan sa ki gen pou wè ak pwoteksyon kontribyab yo, e sa enkli minisipalizasyon posib tout oswa yon pati nan

Konpayi New York American Water a nan Long Island. Rezilta analiz nou yo ap ede Gouvènè a, Komisyon yo, lejislasyon yo, ak gouvènman lokal ofisyèl yo, ak konsomatè yo pran desizyon ki enfòm sou meye fason pou diminye tarif dlo yo epi bay dlo potab ki san danje epi ki fyab alontèm."

Etid k ap fèt pa Konseye Espesyal Lanmman nan ap genyen ladan l, opòtinite pou kòmantè piblik ak odyans piblik. Etid la ap fini 1ye avril. New York American Water bay sèvis dlo rezidansyèl ak sèvis ki pa rezidansyèl, ki mezire, ak lòt sèvis, ansanm ak sèvis pwoteksyon kont ensandi prive ak piblik nan kèk pati nan konte Nassau, Putnam, Sullivan, Ulster, Washington ak Westchester. American Water genyen apeprè 124,000 kliyan nan tout sistèm nan ki enkli apeprè 120,000 kliyan nan Long Island.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)